



# Fason travay afekte benefis ou yo

## Ki sa ki andedan

Konbyen kòb ou ka touche epi pou toujou jwenn benefis?	1
Kòb ou touche ak benefis ou yo — ki valè ou pral resevwa?	2
Ki revni nou konte...epi ki lè nou konte l'?	2
Règ espesyal pou premye ane ou pran retrèt	3
Èske w ta dwe rapòte chanjmann nan salè w?	3
Èske w pral resevwa benefis mansyèl pi devan si nou te kenbe benefis yo akòz travay?	3
Èske gen lòt fason kote travay ka ogmante benefis ou yo?	4
Pou kontakte Sekirite Sosyal	4

Ou ka jwenn benefis retrèt oswa benefis sivivan nan Sekirite Sosyal toutpandan ou toujou ap travay. Men, si w poko rive nan laj pou pran retrèt konplè epi ou fè plis kòb pase yon montan yo fikse, yo pral redui benefis ou yo. Sepandan, montan yo redui nan benefis ou yo pa vrèman pèdi. Benefis ou yo pral ogmante lè w rive nan laj pou pran retrèt konplè a pou konpanse pou benefis yo te kenbe akòz lajan ou te konn touche anvan sa. (Konjwen ak sivivan yo ki resevwa benefis yo paske yon gen timoun ki minè oswa timoun ki andikape ki sou kont yo pa resevwa ogmantasyon nan benefis lè yo rive nan laj retrèt konplè si yo te retni benefis yo paske yo te kontinye ap travay.)

**NOTE:** Diferan règ aplikab si ou resevwa benefis pou invalidite nan Sekirite Sosyal oswa pèman revni sekirite sipleman (SSI). Kidonk yo dwe rapòte tout lajan w touche bay Sekirite Sosyal. Epiou diferan règ aplikab si w travay andeyò Etazini. Kontakte nou si w ap travay (oswa ou planifye travay) andeyò peyi a.

## Konbyen kòb ou ka touche epi pou toujou jwenn benefis?

**Si w te fèt sot 2 janvyè 1956, jiska 1ye janvyè 1957,** kidonk laj pou pran retrèt konplè pou jwenn benefis asirans pou retrèt se 66 zan epi 4 mwa. Si w ap travay epi ou deja rive nan laj pou pran retrèt konplè oswa ou pi gran, ou ka kenbe tout benefis ou yo, kèlkanswa valè kòb ou touche. Si w poko rive nan laj pou pran retrèt

konplè, gen yon limit sou valè lajan ou ka touche pou toujou ka resevwa tout benefis ou yo nan Sekirite Sosyal. Si w poko gen laj pou pran retrèt konplè pandan tout ane 2018 la, nou dwe dedui \$1 nan benefis ou yo pou chak \$2 ou touche ki depase \$17,040.

**Si w rive nan laj pou pran retrèt konplè pandan ane 2018**, nou dwe dedui \$1 nan benefis ou yo pou chak \$3 ou touche ki depase \$45,360 jiskaske w rive nan mwa kote w vin gen laj pou pran retrèt konplè a.

**Egzanp sa yo montre fason règ yo ta ka afekte w:**

Dizon ou ranpli fòm pou jwenn benefis Sekirite Sosyal nan laj 62 zan nan mwa janvyè 2018 epi pèman w pral resevwa a se \$600 pa mwa (\$7,200 pou ane a). Pandan ane 2018 la, ou gen entansyon travay epi pou touche \$22,000 (\$4,960 plis pase limit \$17,040). Nou t ap kenbe \$2,480 nan benefis Sekirite Sosyal ou a (\$1 pou chak \$2 ou touche ki depase limit lan). Pou n fè sa, nou t ap kenbe tout pèman benefis yo sot nan mwa janvyè 2018 pou rive jiska mwa me 2018. Akòmanse nan mwa jen 2018, ou t ap resevwa benefis \$600 w la epi nou ta peye w montan sa a chak mwa pou tout rès ane a. An 2019, nou t ap peye w lòt \$520 nou te kenbe pou mwa me 2018 la.

Oswa, dizon ou potko rive nan laj pou pran retrèt konplè nan kòmansman ane a, men ou te rive nan laj sa a nan mwa novanm 2018. Ou te touche \$46,380 nan 10 mwa sot nan mwa janvyè pou rive nan mwa oktòb. Pandan peryòd sa a, nou t ap kenbe \$340 (\$1 pou chak \$3 ou touche ki depase limit \$45,360). Pou n fè sa, nou t ap kenbe premye chèk ou pou ane a. Akòmanse nan mwa fevriye 2018, ou ta resevwa benefis \$600 w la, epi nou t ap peye w montan sa a chak mwa pou rès ane a. An 2019, nou t ap peye w rès \$260 nou te kenbe nan mwa janvyè 2018 la.

**Kòb ou touche ak benefis ou yo — ki valè ou pral resevwa?**

Tablo ki anba a ba w yon ide sou valè benefis ou pral resevwa nan Sekirite Sosyal pou ane 2018 la, ki baze sou benefis masyèl ou ak valè kòb yo estime w ap touche.

<b>Pou moun ki poko rive nan laj pou pran retrèt konplè pandan tout ane a</b>		
<i>Si benefis masyèl Sekirite Sosyal ou a se</i>	<i>Epi w touche</i>	<i>Ou pral resevwa benefis anyèl</i>
\$700	\$17,040 oswa mwens	\$8,400
\$700	\$18,000	\$7,920
\$700	\$20,000	\$6,920
\$900	\$17,040 oswa mwens	\$10,800
\$900	\$18,000	\$10,320
\$900	\$20,000	\$9,320
\$1,100	\$17,040 oswa mwens	\$13,200
\$1,100	\$18,000	\$12,720
\$1,100	\$20,000	\$11,720

**Ki revni nou konte...epi ki lè nou konte l?**

Si w travay pou yon lòt moun, se sèlman salè w ki konte nan limit lajan ou touche pou sekirite sosyal. Si w ap travay ak tèt ou, nou konte sèlman revni nèt ou fè lè w travay ak tèt ou. Pou limit nan salè, nou pa konte revni tankou lòt benefis gouvènman an, lajan ou fè nan investisman, enterè, pansyon, anuite ak gen ak kapital. Sepandan, nou konte kontribisyon yon anplwaye fè nan yon plan pansyon oswa nan yon plan retrèt, si montan kontribisyon an enkli nan salè brit anplwaye a.

Si w travay pou salè, nou konte revni an lè w travay pou li, pa lè ou touche. Si w te travay pou lajan nan yon ane, men pèman an te fèt nan pwochen ane a, ou pa ta dwe konte l kòm lajan ou fè pou ane ou resevwa kòb la. Kèk egzanp pou sa se pèman pou konje maladi oswa vakans ki akimile ak bonis.

Si w ap travay ak tèt ou, nou konte revni an lè w resevwa l — pa lè w travay pou li — amwenske ou touche nan yon ane aprè w vin gen dwa pou resevwa Sekirite Sosyal epi ou te travay pou kòb sa a anvan w te vin gen dwa pou resevwa Sekirite Sosyal.

## Règ espesyal pou premye ane ou pran retrèt

Pafwa moun ki pran retrèt nan mitan ane a te deja touche plis pase limit sou revni anyèl la. Se poutèt sa genyen yon règle espesyal ki aplike pou salè pou yon ane, souvan nan premye ane retrèt la. Daprè règle sa a, ou ka resevwa chèk Sekirite Sosyal konplè pou nenpòt mwa antye ou nan retrèt, kèlkanswa valè kòb ou fè pou ane a.

An 2018, yon moun ki poko rive nan laj pou l pran retrèt konplè pou tout ane a konsidere kòm yon moun ki nan retrèt si valè kòb li touche pa mwa se \$1,420 oswa mwens.

Pa egzanp, John Smith pran retrèt a 62 zan le 30 oktòb 2018. Li pral touche \$45,000 jiska fen mwad oktòb la. Li pran yon djòb amitan nan mwa novanm kote li touche \$500 pa mwa. Byenke kòb li fè pou ane a depase lontan limit anyèl pou 2018 la (\$17,040), li pral resevwa yon pèman Sekirite Sosyal pou novanm ak desanm. Rezon an se paske valè kòb li te touche nan de mwa sa yo se \$1,420 oswa mwens, ki se limit masyèl pou moun ki poko rive nan laj pou pran retrèt konplè. Si mesye Smith touche plis pase \$1,420 swa an novanm swa an desanm, li pap resevwa yon benefis pou mwa sa a. Akòmanse nan ane 2019, se sèlman limit anyèl la ki pral aplikab pou li.

Epitou, si w ap travay ak tèt ou, nou konsidere ki valè travay ou fè nan biznis ou an pou detèmine si wi ou non ou pran retrèt. Yon fason nou fè sa

se lè nou gade ki kantite tan ou fè ap travay. An jeneral, si w travay plis pase 45 èdtan pa mwa nan travay ou fè ak tèt ou, ou pa pran retrèt; si w travay mwens pase 15 èdtan pa mwa, se lè sa a ou pran retrèt. Si w travay ant 15 ak 45 èdtan pa mwa, yo pap konsidere w kòm yon moun ki pran retrèt si se nan yon travay ki egzije yon pakèt abilite oswa w ap jere yon biznis ki ase gran.

## Èske w ta dwe rapòte chanjman nan salè w?

Nou ajiste montan benefis Sekirite Sosyal ou a an 2018 dapre sa w te di nou w ap touche nan ane 2018 la. Si w panse kòb w ap touche pou 2018 la pral diferan de sa ou te deja di nou, fè nou konn sa toutsuit.

Si gen lòt manm fanmi an ki resevwa benefis ki baze sou travay ou, valè kòb ou touche nan travay ou fè aprè w fin kòmanse resevwa benefis retrèt ka redui benefis pa yo tou. Sepandan, si konjwen w ak pitit ou jwenn benefis kòm manm fanmi, kòb yo touche nan travay pa yo ap afekte benefis pa yo sèlman.

Si w bezwen èd pou detèmine salè w, kontakte nou. Lè w rele nou, se pou gen nimewo Sekirite Sosyal ou a ansanm avèk ou.

## Èske w pral resevwa benefis masyèl pi devan si nou te kenbe benefis yo akòz travay?

Wi. Si nou kenbe kèk nan benefis retrèt ou yo akòz kantite lajan ou touche, benefis masyèl ou yo pral ogmante akòmanse lè w rive nan laj pou pran retrèt konplè kote nou pral pran an konsiderasyon mwa kote nou te kenbe benefis ou yo.

Kòm yon egzanp, dizon ou reklame benefis retrèt lè w vin gen 62 zan nan ane 2018, epi pèman w lan se \$953 pa mwa. Apre sa, ou retounen travay epi nou kenbe 12 mwa benefis ou yo.

Nan ka sa a nou ta va rekalkile benefis ou lè w rive nan laj pou pran retrèt konplè a 66 zan epi 4 mwa epi nou peye w 1018 pa mwa (nan dola jounen jodi a). Oswa, petèt ou touche

tèlman anpil kòb ant laj 62 zan ak 66 zan epi 4 mwa epi nou kenbe tout benefis nan ane sa yo. Nan ka sa a, nou ta va peye w \$1,300 pa mwa akòmanse nan laj 66 zan epi 4 mwa.

## Èske gen lòt fason kote travay ka ogmante benefis ou yo?

Wi. Chak ane nou egzamine dosye tout resipyan Sekirite Sosyal k ap travay. Si dènye ane a se ane ou touche plis kòb pandan tout ane ou travay yo, nou rekalkile benefis ou yo epi nou peye w tout ogmantasyon nou dwe w. Sa se yon pwosesis otomatik epi nou peye benefis yo nan mwa desanm nan pwochen ane a. Pa egzanp, an desanm 2018, ou ta dwe jwenn yon ogmantasyon pou salè 2017 ou yo si salè sa yo te ogmante benefis ou yo. Ogmantasyon an ta retwoaktif a janvyè 2018.

## Pou kontakte Sekirite Sosyal

Genyen plizyè fason pou kontakte Sekirite Sosyal, san wete sou entènèt, pa telefòn, epi an pèsòn. Nou la pou n reponn kesyon w yo epi pou n sèvi w. Depi plis pase 80 ane, Sekirite Sosyal te ede sekirize lavi w jodi a ak demen lè l ofri benefis ak pwoteksyon finansye pou demilyon moun nan pakou y ap fè nan lavi yo.

## Vizite sitwèb nou an

Fason ki pi pratik pou regle biznis nan Sekirite Sosyal nenpòt kote nenpòt lè, se lè w vizite sitwèb nou an [www.socialsecurity.gov](http://www.socialsecurity.gov). Nan sit la, ou kapab:

- Kreye yon kont *my* Social Security pou egzamine *Social Security Statement* (*Deklarasyon Sekirite Sosyal*) ou a, verifye revni w, enprime yon lèt verifikasyon benefis, chanje enfòmasyon pou depo dirèk ou, fè demann pou yo ranplase kat Medicare ou, jwenn yon ranplasman pou fòm SSA-1099/1042S, ak anpil lòt bagay ankò;

- Aplike pou jwenn Extra Help (èd siplemantè) avèk depans plan Medicare pou medikaman ou achte avèk preskripsyon;
- Aplike pou benefis retrèt, envalidite ak Medicare;
- Jwenn kopi piblikasyon nou yo;
- Jwenn repons pou kesyon moun konn poze souvan; ak
- Anpil lòt bagay ankò!

Kèk nan sèvis yo disponib sèlman nan lang anglè. Vizite Multilanguage Gateway (pòtay multilang) nou an pou enfòmasyon nan lang kreyòl ayisyen. Nou ofri sèvis entèprèt gratis pou ede w regle biznis Sekirite Sosyal ou yo. Sèvis entèprèt sa yo disponib kit ou pale avèk nou pa telefòn kit ou vini nan biwo Sekirite Sosyal la.

## Rele nou

Si w pa gen aksè nan entènèt, nou ofri plizyè kalite sèvis otomatize, 24 sou 24, 7 jou pa semèn. Rele nou gratis nan **1-800-772-1213** oswa nan nimewo TTY nou an, **1-800-325-0778**, si w soud oswa ou gen difikilte pou tande.

Si w bezwen pale avèk yon moun, nou ka reponn apèl ou yo apati 7 è dimaten jiska 7 è diswa, de lendi a vandredi. Nou mande w pou pasyan pandan peryòd nou okipe anpil paske w ka jwenn plis siyal okipe epi w ka gen pou ret tann pi lontan anvan w gen opòtinite pou pale avèk nou. N ap tann pou n sèvi w.



Securing today  
and tomorrow

Social Security Administration  
Publication No. 05-10069-HC | January 2018  
Fason travay afekte benefis ou yo

How Work Affects Your Benefits (Haitian-Creole)  
Produced and published at U.S. taxpayer expense

Se lajan kontribiyab Ozetazini peye ki pèmèt yo pwodui epi pibliye piblikasyon sa a